

Kesyon Moun Poze Souvan

1. Kijan pou mwen pwograme yon randevou?

Ou ka fè pwograme yon randevou sou sitwèb Sant Resous Chofè a nan <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov>. Si w gen pwoblèm pou pwograme yon randevou, tanpri kontakte driversupport@tlc.nyc.gov epi di yo ki pwoblèm ou genyen.

2. Èske mwen bezwen yon kont pou pwograme yon randevou?

Non, ou pa bezwen yon kont pou pwograme yon randevou. Ou pral kapab jwenn aksè nan randevou w ki te pwograme yo sou sitwèb nou an nenpòt ki lè.

3. Kijan pou mwen chanje oswa anile randevou mwen an?

Ale sou sitwèb Sant Resous Chofè a nan <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov> epi klike sou anile randevou mwen an. Apre ou fin anile randevou w la, ou ka klike sou pwograme yon randevou pou pwograme yon lòt randevou ak menm sèvis.

4. Èske mwen ka pwograme plizyè randevou?

Wi ou ka pwograme plizyè depi yo pou sèvis diferan. Kliyan yo ka pwograme sèlman yon randevou pou yon sèvis alafwa.

5. Ki dokiman mwen bezwen pote nan yon randevou?

Pou Sèvis Legal yo:

Pou TOUT ka (an plis enfòmasyon debaz tankou non, nimewo telefòn, nou **bezwen** enfòmasyon sa yo):

- Adrès (ak kòd postal ladan)
- Dat nesans
- Kantite moun nan kay la
- Orijin/ras
- Sèks
- Revni ak kalite revni (travay ak/oswa lòt);
- Èske ou bezwen yon entèprèt
- Pwoblèm legal

Lòt Dokiman legal obligatwa pou:

Fayit

- Rapò sou kredi

- Nenpòt ak tout dokiman tribinal ki apwopriye

Kredi pou machin

- Kopi Kontra Vèsman an Detay
- Nenpòt ak tout kontra ki gen rapò oswa dokiman siyen yo
- Nenpòt ak tout avi konsènan rekiperasyon oswa machin y ap revann
- Nenpòt ak tout dokiman ou ka itilize kòm prèv fwod

Koleksyon dèt la

- Nenpòt dokiman Tribinal
- Avi pou sezi salè
- Avi pou kontrent labank
- Afidavid sèvis yo

Règleman dèt

- Kontra règleman dèt la

Koleksyon dèt ki baze sou aryere pou lokasyon (Dwe te nan tribinal sivil, dokiman tribinal yo ta dwe kòmanse avèk "CV")

- Nenpòt ak tout dokiman Tribinal Sivil ki gen rapò ak aryere pou lokasyon
- Kopi Kontra
- Nenpòt ak tout dokiman Tribinal Lojman

Prè Etidyan (Federal)

- Rapò NSLDS — *referans kipa gen sa ap jwenn refi*
- Dokiman konsènan ranvwa, desizyon, notifikasyon Trezò, nenpòt dokiman gouvènman, elatriye.

Prè Etidyan (Prive)

- Nenpòt ak tout dokiman kreditè tankou korespondans, avi, elatriye.
- Nenpòt ak tout dokiman Tribinal ki gen rapò ak prè

Vòl Idantite

- Nenpòt ki rapò vòl idantite ou te depoze
- Nenpòt dokiman ki gen rapò ak kredi jele oswa dispit

Medayon

- Tout dokiman pou finalize nenpòt acha oswa refinansman medayon

Pwopriyete

- Nenpòt tit pwopriyete

Lèt

- Nenpòt lèt nan men kreditè oswa ajans piblik (sètadi refi avantaj pou andikap)
- Nenpòt papye litij

Pou Konsèy Finansye:

Nou rekòmande pou w mete detay sou mezi dokiman ou genyen sou finans ou ak nenpòt dokiman ki sitou gen rapò ak rezon ou pran randevou a. Kèk egzanp gen ladan yo:

- Detay sou revni (deklarasyon ki soti nan founisè teknoloji, baz, elatriye)
 - Bòdwo oswa etadkont
 - Kopi rapò sou kredi w ou deja genyen
 - Dokiman konsènan byen kliyan an genyen (etadkont labank, lòt byen)
 - Nenpòt lèt oswa dokiman yon kreditè voye (tankou yon bank, ajans koleksyon, ajans gouvènman, elatriye)
 - Deklarasyon Benefis ak Pèt
 - Avi Koleksyon
 - Kopi Deklarasyon Taks
 - Enfòmasyon sou prè etidyan, ou ka jwenn sou nsls.ed.gov
 - Nòt yo te pran lè y ap kontakte kreditè
 - Nimewo kontak yo gen pou moun yo te kontakte konsènan pwoblèm finansye ou ta renmen abòde
 - Kontra Medayon si w genyen youn
 - Dokiman ki deklare nenpòt ki byen ou itilize pou achte yon medyayon si ou genyen youn
 - Kontra / dokiman konsènan koutye a si ou genyen youn
6. Kijan pou mwen fè pou m pwograme yon randevou suivi?

Ou ka pwograme yon randevou suivi ak konseye ou dirèkteman oswa sou sitwèb nou an nan <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov>